

# TATA PANGABEKTI MALEM NATAL GKJ MERGANGSAN

Tanggal 24 Desember 2022

Bahasa Jawa

Tema : “Sih Rahmating Allah Sampun Nyata“

(PS = Palados Sabda; PL = Palados Liturgi; Prd = Pradata;

Psw = Pasamuwan)

## A. PECAWISAN/LONCENG 1

- Pandonga Konsistorium : Pandhita lan Pradata dedonga wonten konsistori.
- Paraga pangibadah lan pasamuwan dedonga sacara pribadi.

## B. PANGIBADAH/LONCENG 2

(Pasamuwan Jumeneng)

### 1. TIMBALAN PANGIBADAH

PL : Hé pra umat, suamngga kita nguwuh, “*Aku nganti-anti marang Pangéran Yéhuwah, nyawaku ngarep-arep, lan aku ngarep-arep marang Pangandikané. Nyawaku anggoné nganti-anti marang Pangéran ngluwihi pangarep-arepé jaga malem marang wayah esuk, iya wong jaga kang ngarep-arep marang wayah esuk.*” (Jabur Masmur 130:5,6). Pangantu-antu kita sampun badhé nyata. Sumangga kita abebungah.

Psw : **Ngidungaken KPJ 238 : 1, 2**

## 238. PARA JALMI, GIRANGA

do=D 2/4

D  
5 . 3 . 4 | 5 . 1 . | <sup>Em</sup> 2 3 4 5 4 3 | <sup>A</sup> 2 . . . |  
Pa - ra jal - mi, gi - rang - a,

D A7 D  
3 4 5 6 5 5 | i . 5 . | 4 3 2 . 1 | 1 . . . |  
mu - ji - a, pra - mu - di - ta\*.

D Bm G A  
3 2 3 4 3 3 | 2 . 1 . | 4 3 2 1 | 7 . . . |  
Ra - tu - ni - ra wus prap - ta

D E A  
1 7 1 2 1 1 | 6 . 4 . | 5 6 5 4 . 5 | 5 . . . |  
ju - me - neng Ra - tu sa - lam.

D  
5 . 3 . 4 | 5 . 1 . | <sup>Em</sup> 2 3 4 5 4 3 | <sup>A</sup> 2 . . . |  
Pa - ra jal - mi, gi - rang - a,

D A7 D  
3 4 5 6 5 5 | i . 5 . | 4 3 2 . 1 | 1 . . . ||  
mu - ji - a, pra - mu - di - ta.

**(Palados Sabda lan Pradata lumebet ing papan pangibadah)**

- 2) Kaluhurna kang Putra, kekasihing kang Rama,  
mbangun karatonira, jumeneng Ratu Mulya.  
Para jalmi, giranga, muja, pramudita.

## 2. VOTUM

PS : Pangibadah dalu ndungkap Natal punika kita sengker kanthi pengaken: Pitulungan kita punika wonten ing asmanipun Gusti ingkang nitahaken langit, bumi lan sedaya isinipun, ingkang setya netepi prasetyanipun wilujengaken jagad.

Psw : do = f 4 ketuk

1 . 2 3 | 4 . 3 . | 2 . 1 . | 4 . 2 . | 1 . . . ||  
A - - min, a - min, a - min.

## 3. SALAM

PS : Sih-rahmat lan tentrem rahayu saking Gusti Allah, Rama kita lan saking Gusti Yèsus Kristus nunggil ing para sedhèrèk sedaya.

Psw : **lan nunggil kaliyan panjenengan ugi!**

## 4. ATUR PAMBUKA

**(Pasamuwan Lenggah)**

PL : Gesangipun manungsa punika dinamis, gilir gumanti. Nanging sih susetyanipun Gusti, tansah kebar ing sauruting gesang kita. Amargi Panjenenganipun ingkang njagi lan ngrimati kita dalah nyawisaken punapa kémawon ingkang dados kabetahan kita. Menawi kita ngraosaken ayem lan tentrem, punika amargi Panjenenganipun nunggil kaliyan kita!

Psw : **Nngidungaken KPJ 228 : 1, 2**

## 228. ING BÈTLÈHÈM KANG TAN AJI

do=A 4/4

5 5̣ . 5̣ ị . 5̣ | 6 4 2 . 6̣ | 5 7 6 4 | 3 . . . 0 |

Ing Bèt-lé-hèm kang tan a - ji wus mi-yos Sang Ba-yi.

---

5 3̣ 2̣ . ị | 6 4 2 . 6̣ | 5 ị 7 2̣ | ị . . . 0 |

Kang ka - dya wus ka - we - ca a - nèng Ki - tab Su - ci.

---

*Refrain :*

3̣ 3̣ 4̣ . 4̣ | 2̣ 2̣ 3̣ . 3̣ | ị ị 2̣ . ị | 7 . . 0 6̣ |

Su-rak - a, ya su - rak - a! Kan - thi suka - re - na, "Sang

---

5 3̣ 2̣ . ị | 6 4 2 . 6̣ | 5 ị 7 . 2̣ | ị . . 0 ||

Pa - mar - ta wus man-jal - ma nung-gil klayan ki - ta!"

---

2] Bayi papa kang kaweca agung pangwasanya;  
mbirat salir sangsara wah pangrehing dosa.

**Refr.** Suraka, ya suraka! Kanthi suka rena,  
"Sang Pamarta wus manjalma nunggil klayan kita!"

### 5. PENGAKENING DOSA

PL : Sang Sabda ingkang manjalma dados manungsa sampun mbabar dhirinipun. Punapa kita ingkang badhé mapag Panjenenganipun taksih gesang linambaran ing dosa?

Psw : **Ngidungaken KPJ 227 : 1, 2**

## 227. IBA ÉNDAH CAHYÈNG RATRI

do= Bes 9/8

$\bar{1} \ 7 \ 6 \ | \ 5 \ . \ . \ 3 \ . \ . \ 6 \ . \ 5 \ | \ 5 \ . \ 4 \ 4 \ . \ . \ 4 \ 3 \ 4 \ |$   
 I - ba é n - dah cah - yèng ra - tri kang nyu-

$7 \ . \ . \ 6 \ . \ . \ 5 \ 4 \ 2 \ | \ 3 \ . \ . \ 3 \ . \ 0 \ 3 \ 5 \ \bar{1} \ | \ \bar{3} \ . \ .$   
 nar - i ja - gad-rat; duk pra-du -

$\bar{1} \ . \ . \ \bar{1} \ 7 \ 6 \ | \ 6 \ . \ . \ \bar{2} \ . \ . \ \bar{2} \ \bar{1} \ 6 \ | \ 5 \ . \ . \ 7 \ . \ . \ 7 \ . \ 6$   
 ta swar - ga prap - ti ngun - dhang-a - ken sih-rah-

$5 \ . \ . \ 5 \ . \ 0 \ 6 \ . \ 5 \ | \ 4 \ . \ . \ 7 \ . \ . \ 7 \ 6 \ 5 \ | \ 5 \ . \ . \ \bar{1} \ . \ .$   
 mat. Ra - har - ja, pra - jal - ma

$3 \ . \ 4 \ | \ 5 \ . \ . \ 4 \ . \ . \ 4 \ 3 \ 4 \ | \ 6 \ . \ . \ 5 \ . \ . \ \bar{1} \ 7 \ 6 \ |$   
 kang si - nung - an ka - wa - lu - yan, lan - tar-

$5 \ . \ . \ 3 \ . \ . \ 4 \ 6 \ 5 \ | \ 3 \ . \ . \ 3 \ . \ 0 \ 3 \ 4 \ 5 \ | \ 6 \ . \ . \ \bar{2} \ . \ \bar{1}$   
 an Sang Pa - mar - ta, lan - tar - an Sang

$\bar{7} \ 6 \ 7 \ | \ \bar{1} \ . \ . \ \bar{1} \ . \ 0 \ ||$   
 Pa - mar - ta.

- 2] Puji konjuk Hyang Maluhur kang melasi mring jalma;  
 nglepataken saking ukum, mitulungi raharja.  
 Pra jalma sayogya ndhèrèk muji Hyang Masuci,  
 langgeng ing salaminya, langgeng ing salaminya.

## 6. PAWARTOS SIH RAHMAT

PS : Pasamuwan ingkang kinasih, sumangga kita tansah ngemuti agenging sih rahmatipun Gusti ingkang milujengaken kita: *"Awitdéné Gusti Allah anggoné ngasihi marang jagad iku nganti masrahaké Kang Putra ontang-anting, supaya saben wong kang pracaya marang Panjenengané aja nganti nemu karusakan, nanging nduwénana urip langgeng. Sabab Gusti anggoné ngutus Kang Putra ngrawuhi jagad iku ora supaya ngadili marang jagad, nanging supaya mitulungi rahayu marang jagad. Sing sapa pracaya marang Panjenengané, iku ora bakal diukum, balik sing sapa ora pracaya, iku wus kapatrapan, amarga ora pracaya marang asmané Putraning Allah kang ontang-anting."* (Yoh. 3:16-18). Mekaten Pawartos Sih Rahmat saking Gusti.

## 7. PENYUMETING LILIN MALAM NATAL (Pasamuwan Jumeneng)

- *Lampu dipunpejahi ~ Instrumen lagu KPJ 218 ~ wakil pasamuwan, Pradata lan Pengkotbah nyumet lilin natal.*

Psw : *Ngidung KPJ 218 : 1 - 3*

### 218. DALU SUCI

do=A 6/4

5.  $\overline{6}$  5 3 . . | 5.  $\overline{6}$  5' 3 . . |  $\dot{2}$  .  $\dot{2}$  7 . . |  
Da-lu su-ci tidhem sa-mi, Njeng\* Gus-ti

i. i 5 . . | 6 . 6 i.  $\overline{7}$  6 | 5.  $\overline{6}$  5 3 . . |  
Pamar-ta te - dhak manjal-ma kra-na ki - ta

6 . 6 i.  $\overline{7}$  6 | 5.  $\overline{6}$  5 3 . . |  $\dot{2}$  .  $\dot{2}$  4.  $\dot{2}$  7 |  
mi - yos wonten kandhang Bèt-le-khèm. Gus - ti-ning du-ma-

$\underline{i . . \dot{3} . 0}$  |  $\underline{i . \overline{5}}$  3 5.  $\overline{4}$  2 |  $\underline{1 . . 1 . 0}$  ||  
di, Gus - ti-ning du-ma - di.

- 2] Bayi suci, kang Ginusti, nebusi tyang dosa,  
nilar kamulyane ing swarga,  
sumeleh ing rumput kang nistha;  
nldhani mring kita, nldhani mring kita
- 3] Dalu suci, tidhem sami, Njeng Gusti angasta,  
katentremané jagad-rama,  
kados prasetyané Kang Rama.  
Mila linuhurna, mila linuhurna.

## 8. PANDONGA SYAFAAT

(Pasamuwan Lenggah)

## 9. PALADOSAN SABDA

### a. Pamaosing Kitab Suci

#### ➤ Waosan Kapisan

Lèktor : **Waosan kapisan kapethik saking Yésaya 9 : 1 - 6 ...**  
**Mekaten sabdanipun Gusti**

Psw : **Puji konjuk Gusti**

#### ➤ Waosan Injil

PS : **Pamaosing Injil, saking Lukas 2 : 1 - 20 ..... Mekaten Injilipun Gusti Yésus Kristus, ingkang rahayu inggih punika sedaya tiyang ingkang mirengaken pangandikanipun Gusti lan dipun gatosaken.**  
**HALÉLUYA**

Psw : **do = es 4 ketuk**

**1 . 1 | 3 3 . 3 . 3 | 5 5 . 5 . 5 | 8 . 5 4 | 3 . . . |**  
**Ha - le - lu - ya, ha - le - lu - ya, ha - le - lu . . ya**

### b. Pamedar Sabda

### c. Wekdal Ening

## 10. PENGAKEN PITADOS

(Pasamuwan Jumeneng)

- 1) Kawula pitados dhateng Allah Sang Rama, ingkang Mahakawasa, ingkang nitahkaken langit kaliyan bumi,
- 2) Inggih pitados dhateng Yesus Kristus ingkang putra ontang-anting, Gusti kawula,
- 3) Inggih kabobotaken dening Roh Suci, miyos saking prawan Maryam.
- 4) Inggih nandhang sangsara nalika jumenengipun Pontius Pilatus, kasalib, nglampahi seda, lajeng kasarekaken, tumedhak dhateng ing teleng palimengan.

- 5) Ing tigang dintenipun wungu malih saking antawisipun tiyang pejah,
- 6) Lajeng sumengka dhateng ing swarga, pinarak wonten ing tengenipun Allah Sang Rama Inggang Mahakawasa.
- 7) Saking ngriku inggih badhe rawuhipun ngadili tiyang ingkang gesang kaliyan ingkang pejah;
- 8) Kawula pitados dhateng Roh Suci;
- 9) Kawula pitados wontenipun pasamuwan Kristen satunggal ingkang suci sarta wradin, inggih patunggilanipun para suci;
- 10) Punapa dene pangapunte ning dosa;
- 11) Tanginipun raga;
- 12) Sarta gesang langgeng.

**11. PISUNGSUNG SOKUR LAN PALUNGAN (Pasamuwan Lenggah)**

Prd : Pisungsung atur panuwun kita ingkang kaaturaken konjuk Gusti wonten ing pangibadah punika, kita landhesi kanthi sabdanipun Gusti kadosdéné ingkang kaserat déning Rasul Paulus abdinipun Gusti ing Serat Rum 11:36, “Awitdéné anané samubarang kabèh iku saka ing Panjenengané, lan marga déning Panjenengané, sarta lumadi marang Panjenengané: Kamulyan kagama ing Panjenengané salawas-lawasé!”

**Kidung Pisungsung : KPJ 214 : 1, 3**

**214. ANÈNG PAMAKANAN**

do=E 3/4

5̣ | 1 1 2̣ 3̣ | 1 1 3̣ 4̣ | 5 5 6 | 4 . 2̣ 3̣ | 4 4 5 |  
 A - nèng pama - kan-an, i - ku dunung-nya; gi - nedhong ing

3 3 1̣ 3̣ | 2 6̣ 1 | 7 . 5̣ | 1 1 2̣ 3̣ | 1 1 3̣ 4̣ |  
 ka-in, sès - tu pra-sa - ja. Le - lintang ing la - ngit pa -

5 5 6 | 4 . 2̣ 3̣ | 4 4 5 | 3 3 1̣ 3̣ | 2 6̣ 7 | 1 . ||  
 dhang ne-lah - i, dé Yésus Gus-ti - ku sa - ré ke - pa - ti.

**(Lumadosing pisungsung kairing instrumentalia)**

- 3] Dhuh Yésus, Sang Putra, mugi Paduka,  
lestantun ing kula kanthi sih-tresna.  
Para umat samya binerkahana,  
tinuntun nggènira lumebèng swarga.

**Prd : Pandonga Pisungsung lan Donga Rama Kawula**

*Dhuh, Rama kawula ingkang wonten ing swarga, Asma Paduka mugi kasucekaken, Kraton Paduka mugi rawuh, Karsa Paduka mugi kalampahan wonten ing bumi kadosdene wonten ing swarga, Kawula mugi kaparingan rejeki kawula ing sacekapipun ing dinten punika, Saha Paduka mugi ngapunten kalepatan kawula, Kadosdene kawula inggih ngapunten ing tetiyang ingkang kalepatan dhateng kawula, Punapa dene kawula mugi sampun ngantos katandukaken dhateng ing panggodha, nanging mugi sami Paduka uwalaken saking piawon, Awitdene Paduka ingkang kagungan kraton saha wisesa tuwin kamulyan salami-laminipun. Amin.*

**12. KIDUNG PANGUTUSAN KPJ 232**

**(Pasamuwan Jumeneng)**

## 232. KAMULYAKNA

do=D 4/4

||: 5 . 5 4 | 3 . 0 0 | 5 . 5 4 | 3 . 0 5 5 | 6 6 0 5 5 |  
 Ka-mulyak-na                      Hyang Ma - a - gung    ing su - warga, ing su-  
 Pi - nu-ji - a,                      pi - nundhi - a    Hyang Ma - a-gung ing su-

6 6 0 5 5 | 6 . 7 . | i . 0 0 | 5 . 4 3 | 3 . 2 0 |  
 warga, ing su - war                      ga.                      Ten - trem-ra - ha - yu  
 warga lan ing bu                      mi.                      Ten - trem-ra - ha - yu

2 3 4 5 | 4 . 3 2 2 | 3 4 5 3 | 6 . 5 4 | 3 . 2 . |  
 a - na ing bu - mi, ing manung - sa kang si - nar - jo -  
 a - na ing bu - mi, ing manung - sa kang si - nar - jo -

I

1 . 0 0 | 5 . 5 5 | 5 . 6 7 | i . 5 0 | i . i i |  
 nan                      Klu - hur-na    Al - lah neng swar - ga,                      klu - hur-na

7 . i 6 | 5 . 4 . | 5 . 0 0 | 1 . 7 1 2 | 3 . 2 1 0 |  
 Al - lah neng swar                      ga!                      Ten - trem-ra - ha - yu

3 . 2 3 4 | 5 . 4 3 0 | 2 . 2 2 | 2 . 2 0 | 5 . 4 5 6 |  
 a - na ing bu - mi,                      ten - trem-ra - ha - yu                      a - na ing

7 . 6 5 5 5 | 5 . 5 5 5 | 5 . 5 5 | 5 . i . | 7 5 0 i i |  
 bu - mi, ing manung-sa, ing manung - sa kang si - nar - jonan, ing ma-

7 5 0 i i i | 7 5 0 5 5 6 | 7 . 6 . | 5 . 0 0 :||  
 nungsa kang sinar - jo-nan, kang si - nar - jo - nan !

II

2 3 4 5 | 3 . 0 0 | 3 . 2 . | 1 . . . | 1 . . . ||  
 A - min,                      a - min!

**13. PANGUTUSAN LAN BERKAH**

- PS : **Sami ngenerna manah dhumateng Gusti**
- Psw : Kawula ngeneraken manah dhumateng Gusti
- PS : **Dadosa seksinipun Sang Kristus.**
- Psw : Puji sokur konjuk Gusti.
- PS : **Pinujia Gusti.**
- Psw : Samangké lan salami-laminipun
- PS : Sami nampenan berkahipun Gusti ; Pangéran Yéhuwah maringi berkah dhateng panjenengan lan ngayomi panjenengan. Pangéran Yéhuwah nyunaraken cahyaning wedananipun dhateng panjenengan lan maringi sih rahmat. Pangéran Yéhuwah nungkulaken wedananipun dhateng panjenengan lan maringi tentrem rahayu. Amin.

**14. KIDUNG PANUTUP : KPJ 230 : 1, 3**

**230. KABINGAHAN KANG SEJATI**

do=C 2/4

$\dot{1}$   $\overline{7 \cdot 6}$  |  $5 \cdot \overline{4}$  |  $3 \quad 2$  |  $1 \cdot \overline{5}$  |  $6 \cdot \overline{6}$  |  
 Ka-bi - ngah - an      kang    se - ja - ti      su - mram - bah

---

$7 \cdot \overline{7}$  |  $\dot{1} \cdot \overline{\dot{1}}$  |  $\dot{1} \overline{7} \quad \overline{6} \overline{5}$  |  $\overline{5 \cdot 4} \overline{3 \dot{1}}$  |  $\dot{1} \overline{7} \quad \overline{6} \overline{5}$  |  
 sa - bu - mi.      Ra - tu    A - dil      sam - pun prap-

---

$\overline{5 \cdot 4} \overline{3 \quad 3}$  |  $\overline{3 \quad 3} \overline{3 \quad 3} \overline{4}$  |  $5 \cdot \overline{4} \overline{3}$  |  $\overline{2 \quad 2} \overline{2 \quad 2} \overline{3}$  |  $4 \cdot \overline{3} \overline{2}$  |  
 ta,      sinung gesang mul - ya,    si - nung gesang mul - ya,    si -

---

$\overline{1 \dot{1}} \cdot \overline{6}$  |  $\overline{5 \cdot 4} \overline{3 \quad 4}$  |  $3 \quad 2$  |  $1 \quad \cdot$  ||  
 nung,    si - nung    ge - sang    mul - ya.

---

3. Karaharjan kang sanyata piningken jalma.  
Kristus prapta olah-tresna, tentrem kang pinanggya,  
tentrem kang pinanggya, tentrem, tentrem kang pinanggya.

-----

